

Chè Fanmi:

Mwen kontan anpil pou fè w konnen yo chwazi lekòl nou an pou patisipe nan Pwogram Konsiltan Lekòl pou Sante Mantal, epi n ap resevwa sèvis apati ane lekòl sa a. Pwogram Konsiltan Lekòl pou Sante Mantal *School Mental Health Consultant Program* (SMHCP) fè pati [ThriveNYC](#), yon plan estratejik Vil Nouyòk pou amelyore ak ankouraje sante mantal moun ki abite nan vil la epi se Biwo DOE pou Sante nan Lekòl ki bay sèvis yo. Lekòl se jeneralman premye pòt kote timoun antre pou chèche èd pou pwoblèm sante mantal, epi adilt nan estaf nou an se sous referans ou ka pi fè konfyans pou elèv nou yo. Manm estaf lekòl yo gen pwennvi ideyal pou yo obsève elèv, remake lè gen chanjman nan yo pandan y ap vin pi gran, idantifye pwoblèm, ak travay tou pre avèk Konsiltan lekòl pou sante mantal la pou konekte elèv avèk sipò yo bezwen. Ranfòse kapasite nan bilding lekòl la pou idantifye pwoblèm sante mantal byen bonè grasa trening, konsiltasyon, ak sipò ap ogmante siksè elèv yo sou plan sante mantal ak sou plan akademik.

Konsiltan lekòl pou sante mantal la pral ede lekòl nou an pandan l ap:

- Ankouraje sante mantal epi fè kominote lekòl nou an konnen pwogram lan.
- Idantifye resous ak mank anndan lekòl la epi kreye plan sante mantal lekòl la pou konekte lekòl avèk founisè ki baze nan kominote a ak lòt resous.
- Ba estaf nou an trening ak konsèy pou yo ka sansibilize yo plis sou sante mantal epi ede rezoud pwoblèm sante mantal elèv genyen.

Nou vle kreye yon klima kote bon sante mantal se yon pati enpòtan nan anviwònman akademik la. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte m oswa ale sou sitwèb la nan [ThriveNYC](#). Mèsi pou èd ou pou nou fè pwogram sa a yon siksè!

Avèk senserite,

Direktè